



Pou Piblikasyon Imedya: 30/07/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PLIS PASE 30 MILYON DOLA POU AMELYORE TRASAJ KONTAK COVID-19 AK PREVANSYON KONT GRIP ANVAN SEZON GRIP OTÒN LAN

Finansman pral ogmante anplwaye k'ap mennen ankèt sou ekspozisyon ak sou ka COVID-19 yo

Finansman pral disponib tou pou konte yo pou ranfòse pousantaj vaksinasyon kont grip la anvan sezon grip la

Lis konplè benefisyè yo [isit la](#)

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse plis pase 30 milyon dola pou amelyore trasaj kontak COVID-19 ak prevansyon kont grip anvan sezon grip sezon otòn lan. Majorite lajan an, ki disponib pou konte yo sou fòm sibvansyon, pral itilize pou ogmante kapasite estaf depatman sante lokal yo pou deteksyon amelyore, siveyans ak prevansyon kont COVID-19 la. Gouvènè a te anonse tou 2 milyon dola anplis nan lajan vaksinasyon yo pou elaji to vaksinasyon kont grip nan tout eta a pou evite efondre sistèm sante a nan ka kote ta gen yon sezon grip ki grav. Finansman pou chak konte disponib [isit la](#).

"Pandan n'ap kontinye batay kont pandemi COVID-19 la, n'ap prepare tou pou grip sezon otòn kap vini an", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "Nou ap mete 30 milyon dola nan finansman sibvansyon an disponib pou konte yo pou ogmante trasaj kontak yo - ki ap mache trè byen pou nou - ak pou elaji prevansyon kont grip ak vaksinasyon yo pou ede asire konte yo pare pou founi rezidan yo alafwa tès grip ak tès COVID-19".

Inisyativ Trasaj Kontak (Contact Tracing Initiative) Eta New York la, an kolaborasyon avèk konte yo, itilize Sistèm Jesyon Maladi Transmisib NY (NY Communicable Disease Management System) la oswa CommCare. Pou asire konsistans nan tout eta a, konte k'ap resevwa finansman sa a pral oblije itilize CommCare pou tout aktivite COVID-19 ak trasaj kontak. Prim yo baze sou popilasyon konte yo plis yon prim sipleman tè pou pousantaj ka COVID-19 nan tout eta a nan chak konte.

Komisè Depatman Sante Eta New York la, Doktè Howard Zucker, te di, "Nouyòkè yo travay di depi plizyè mwa ki sot pase yo, atravè moman difisil sa yo, pou anpeche pwopagasyon COVID-19 la. Inisyativ tankou sa a, ki ranfòse efò trasaj kontak toupatou

nan eta a, pral kle pou kenbe siksè sa a ke nou batay di pou li, nan kanpe epidemi lokal yo anvan yo pèdi kontwòl yo. Avèk posibilite ka COVID-19 k'ap remonte nan sezon otòn ak ivè a, mwen ankouraje tout moun rete an sante lè yo pran yon vaksen kont grip la ane sa a epi pou yo prepare pou resevwa yon vaksen kont COVID-19 lè gen youn ki vin disponib".

Finansman sa a te rive disponib gras ak yon akò koperativ ke CDC a patwone pou Epidemyoloji ak Kapasite Laboratwa pou Maladi Kontajyez yo.

Anplis de finansman trasaj kontak lan, Gouvènè a te anonse 2 milyon dola ke CDC a te founi pou yo distribye bay departman sante lokal yo nan tout Eta a anvan sezon grip la pou asire ke tout moun resevwa vaksen kont grip la. Ijans COVID-19 Prentan 2020 an mete presyon sou sistèm swen sante NYS la; yon sezon grip grav konbine avèk yon lòt vag COVID-19 kapab efondre li fasilman. Grip se youn nan koz prensipal maladi grav ak mòtalite, responsab vizit swen medikal, ospitalizasyon ak lanmò prevantif. Plis pase 22,000 Nouyòkè te ospitalize avèk grip ke laboratwa konfime pandan sezon grip 2019-2020 an.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)